



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$75 MILYON DOLA ADISYONÈL POU AKSELERE PWOJÈ REPAIRE WOUT YO

Fon pou diminye pwopagasyon domaj akoz move tan ivè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse pwojè reparasyon wout ki totalize \$75 milyon ki pral fini ane sa sou apeprè 428 kilomèt liy otowout toupatou nan New York. Finansman pou pwojè sa yo te akselere nan sezon konstriksyon sa nan fason pou repare gwo domaj move tan ivè a te koze.

“Li enpòtan pou kenbe otowout eta yo an bon kondisyon, e apre yon lòt ivè sevè nap akselere pwojè reparasyon enpòtan yo pou asire ke wout yo pi ansekirite pou Nouyòkè yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Finansman sa a pral akselere resifas ki pi nesèsè ak efò rekonstriksyon, sa ki bon pou otomobilis yo toupatou nan eta.”

Pwojè reparasyon akselere sa yo se annadisyon de plis pase \$437 milyon nan fon konstriksyon kapital ki dedye pou repare yon estismasyon 2,311 kilomèt wout eta nan Ane Fiskal Eta 2015-2016.

Depande kote a, pwojè reyabilitasyon wout NYSDOT yo pral gen ladann retire premye kouch revètman ki abime sou tout vwa ak akòtman, reparasyon semèl beton ak/oubyen asfat, amelyorasyon drenaj, epi enstalasyon yon nouvo sifas asfat pou machin woule. Chak fwa li posib, revètman yo retire a pral resikle epi re-italize, swa nan menm lokasyon an oswa nan yon pwochen konstriksyon. Yo pral ranplase detektè machin siyalizasyon sikilasyon epi mete mak fre sou revètman yo.

Komisyonè Depatman Transpòtasyon Eta New York Joan McDonald te deklare, “Lè nou akselere pwojè revètman ki enpòtan nan ane konstriksyon sa a, nap anmezi pou diminye kèk nan domaj sik konjelasyon efondreman te koze ki te kontribye nan deteryorasyon avanse wout yo pandan ivè sa a. Avèk lidèchip Gouvènè Cuomo nap travay san pran souf pou asire ke wout ki esansyèl pou Nouyòkè yo san danje epi fyab.”

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Investisman sa a pral ede pasaje yo, biznis ansanm avèk vizitè yo deplase toupatou nan New York avèk pi plis fasilite ak sekirite,” Senatè Schumer te deklare. “Sa a se yon finansman ki nesèsè anpil e li pral yon gwo kout pous pou wout yo toupatou nan eta ak fè reparasyon ki nesèsè apre mwa move

tan ivè a. Lè nou amelyore kondisyon wout New York yo, nou pral amelyore sekirite pou biznis yo, rezidan ansanm avèk vwayajè yo epi depoze fondasyon ki nesèsè pou kwasans ekonomik solid.”

Depite Louise Slaughter te deklare, “Ivè Rochester a bèl men li ka koze ravaj sou wout ak pon nou yo,” te deklare Depite Slaughter. “Pran swen wout nou yo se yon investisamn entelijan kap fè fanmi ak biznis Rochester deplase nan liy rapid la. Mwen pral kontinye lite pou asire ke New York gen sipò nou bezwen pou kenbe wout ak pon nou yo ansekirite pou tout chofè yo.”

Depite Eliot Engel te deklare, “Soti nan yon ivè ki te patikilyèman sevè, anpil nan wout nou yo—enkli Wout 22 nan pati Eastchester nan Distri Kongrè mwen an, ak Otowout Major Deegan ki travèse nan distri mwen an—an move eta e yo bezwen revètman touswit,” Depite Eliot Engel, yon manm ki la lontan nan Komite Chanm Enèji ak Komès te deklare. “Alokasyon \$75 milyon Gouvènè Cuomo a nan fon adisyonèl pou pwojè akselerasyon revètman pral amelyore alafwa sikilasyon trafik ak sikilasyon komès nan New York. Mwen aplodi Gouvènè a pase li te pran etap siplemantè pou ede tout pasaje New York yo.”

Depite Nita M. Lowey te deklare, “Fredri brital ak glas pandan ivè ki sot pase a te fè yon pwa sou wout nou yo. Isit la nan Lower Hudson Valley, toupatou nan New York, ak nan tout peyi a, nou bezwen investi plis nan fikse enfrastrikti ki delabre yo, espesyalman lè move tan ka koze gwo domaj. Mwen sipòte yon re-otorizasyon alontèm nan Highway Trust Fund kidonk eta yo ka genyen fon ki nesèsè pou pèfòme travay woutin san yo pa mete fado a sou kontribyab lokal yo, e mwen pral kontinye travay avèk Governor Cuomo ansanm avèk otorite lokal yo pou asire ke wout nou yo itilizab ak ansekirite pou moun itilize.”

Depite José E. Serrano te deklare, “Yon sistèm transpòtasyon ki solid esansyèl pou ekonomi nou an. Apre yon sezon ivè move, fon sa yo pral remete wout nou yo anfòm rapidman e nan yon fason ki konfòm avèk anviwonman. Grasa efò Gouvènè a pou fè sa vini yon priyorite, chofè yo nan Bronx ak nan rès vil la pral kapab vwayaje epi transpòte machandiz sou wout ki fyab ak ansekirite ki pral ede yo rive nan destinasyon yo pi rapidman,” te deklare Depite Serrano.

Depite Paul Tonko te deklare, “Finansamn sa a pral fè yon wout long pou modènize anpil pwojè enfrastrikti ki te bezwen atansyon espesyalman apre ivè brital sa nan Capital Region. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk ekip li a paske yo te rekonèt bezwen sa yo epi afekte resous ki apwopriye pou fè kondwi nou pou ale travay, lekòl, oswa episri yon fason ki pi soup.”

Depite Tom Reed te deklare, “Sistèm enfrastrikti ki solid se san nan ekonomi lokal nou an e li esansyèl ke nou kontinye amelyore epi kenbe yo. Mwen apresye efò kolaboratif nan nivo eta pou asire ke bezwen transpòtasyon yo satisfè e mwen pral kontinye lit la nan Washington pou sipò amelyorasyon nan enfrastrikti.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Nou tap rete tann Envestisman sa depi lontan nan wout nou yo – rezidan Hudson Valley yo te eksperimente domaj ivè brital la te fè sou enfrastrikti nou yo. Revètman wout nou yo pral rann li pi fasil pou rezidan yo ale lekòl ak travay, e li pral grandi ekonomi lokal nou an nan kreye travay ki peye byen,” te deklare Depite. Sean Patrick Maloney.

Depite John Katko te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te priyorize reparasyon yo ki pral soulaje domaj sou wout nou yo epi asire sekirite pou vwayajè yo pandan ete a. Envestisman entelijan sa yo nan enfrastrikti nou an pral ede amelyore wout yo ke nou itilize chak jou nan Central New York pandan lap kontribye a avni ekonomik eta nou an.”

Depite Elise Stefanik te deklare, “Wout solid enpòtan pou sekirite rezidan New York yo ak pou ekonomi North Country nou an,” te deklare Depite Stefanik. “Mwen feliste Gouvènè Cuomo dèske li te priyorize pwojè sa ki pral ede ranfòse enfrastrikti nou an nan North Country epi ankouraje komès lokal la.”

Depite Lee Zeldin te deklare, “Envesti nan wout ak enfrastrikti nou yo dwe rete yon priyorite esansyèl alontèm. Antanke manm nan Komite Transpòtasyon ak Enfrastrikti Chanm lan, ak yon kolaboratè etwat Gouvènè Cuomo, nou genyen yon gwo ak enpòtan opòtinite pou amelyore Empire State kounye a ak nan lavni.”
Amelyorasyon akselere revètman an pral fini sou wout ki annaprè yo ane sa a:

Capital Region

- Wout 787 apati Tibbits Avenue a Wout 32 nan Cohoes, Konte Albany
- Wout 7 (Hoosick Street) apati Pon Vil Collar a Lake Ave. nan Troy, Konte Rensselaer
- Wout 22 apati Wout 149 nan jonksyon Wout 23 nan Granville, Konte Washington
- Wout 443 apati liy Konte Schoharie a Wout 156 nan Berne, Konte Albany
- Wout 74 apati wout Letsonville nan vil Schroon a Eagle Lake nan vil Ticonderoga, Konte Essex
- Wout 146 ant Wout 9 ak Wout 236 nan Konte Dutchess

Sant New York

- Wout 29 apati Middleville a Wout 170A nan Burrell, Konte Herkimer
- Wout 170A apati wout 170 a wout 29 nan Burrell, Konte Herkimer
- Wout 91 apati Wout 80 a Wout 20 nan Fabius, Konte Onondaga
- Wout 91 apati liy Konte Cortland a Wout 80 nan Fabius, Konte Onondaga
- Wout 183 apati Wout 69 nan Amboy a Wout 13 nan Williamstown nan Konte Oswego
- Wout 89 apati Wout 5/20 nan liy konte Wayne nan Tyre, Konte Seneca
- Wout 41A apati .5 kilomèt sid nan seksyon riral Mandana a Wout 20 nan bouk Skaneateles, Kone Onondaga

Greater Rochester

- Wout 18 apati Lake Ontario State Parkway a wout 261 nan Greece, Konte Monroe
- Wout 33 A apati liy vil Rochester nan Westside Drive nan Westgate, Konte Monroe
- Wout 153 apati Wout 441 nan vil Penfield a Commercial Street nan vilaj Lès Rochester, Konte Monroe
- Wout 98 apati Wout 31A nan vilaj Albion a Wout 104 nan vil Gaines, toulède nan Konte Orleans

Lwès New York

- Otowout Entè-eta 86 nan direksyon lès apati liy eta Pennsylvania nan Mina atravè vilaj Sherman, toulède nan Konte Chautauqua
- Wout 76 apati direksyon nò liy vilaj Sherman atravè Sherman ak Westfield ak Wout Konte 9 nan Ripley, yo tout nan Konte Chautauqua
- Grand Island Boulevard apati wout 266 a wout 325 nan Tonawanda, Konte Erie
- U.S. Wout 20 apati pon ki sou wiso Cazenovia a wout 400 nan Elma, Konte Erie
- Wout 39 apati Ri Dupont nan Collins a Kwen Mortons nan Concord Konte Erie
- Wout 39 apati Ri Zoar Valley nan Concord a Barnstead Drive nan Springville, ansanm avèk yon pati Wout 39 nan ranp Wout 219, yo tout nan Konte Erie
- Wout 354 apti de Rod Road nan liy Konte Wyoming nan vil Marilla, Konte Erie

Southern Tier

- Wout 414 apati Beaver Dams a Konte Ri 16 nan Dix, Konte Schuyler
- Wout 244 apati wout Eta 13 nan Cayuta, jiska Catharine, a liy vilaj Odessa, yo tout nan Konte Schuyler
- Wout 21 apati wout aksè a baraj liy Konte Allegany nan vil Hornellsville, Konte Steuben
- Wout 206 apati wout Entè-eta 88 a ri Butts nan Bainbridge, Konte Chenango
- Wout 206 apati Ri Case a Railroad Avenue nan Bainbridge, Konte Chenango
- Wout 7 apati Nò Grand Street a magazen Stewart nan Cobleskill, Konte Schoharie
- Wout 42 apati sid nan Wout entèseksyon 55 a Big Hollow Road nan Neversink, Konte Sullivan
- Wout 52 ant konte Wout 144 nan Jeffersonville ak Konte Wout 149 nan Youngsville nan Konte Sullivan
- Wout 97 apati wout 52 a Twazyèm Avni nan vil Tusten, Konte Sullivan
- Wout 97 apati liy Konte Orange jiska Lumberland, Konte Sullivan
- Wout 282 apati boulva Roki a jonksyon lwès avèk Lwès River Road (Kontे Wout 4) nan vilaj Nichols, Konte Tioga
- Wout 38 apati direksyon sid nan pon ki sou wiso Owego a ri Belden Ryan Road nan Richford, Konte Tioga
- Wout 41 apati Parker Road nan vil Sanford a liy Konte Chenango nan vil Colesville, Konte Broom

North Country

- Wout 3 apati Lake Street a Otowout George Lapan Memorial nan Saranac Lake, Konte Franklin
- Wout 12 apati liy Lwès Lowville nan vil Denmark nan Konte Lewis
- Wout 812 apati Konte Ri 24 nan seksyon riral Balmat a Wout 58 nan seksyon riral Fowler nan Konte Lewis

Hudson Valley

- Wout 59 apati Wout 17 a Wout 202, apati Wout 202 pou rive nan lwès Hemion Road, e apati liy Eta New Jersey a wout 59 nan Konte Rockland
- Wout 22 apati Wout 20 nan ansyen Post Road nan Lebanon Springs, Konte Columbia
- Wout 22 apati Crest Avenue a Ri Sprague nan Eastchester, Konte Westchester
- Wout 6 apati Wout 293 nan Palisades Interstate Parkway nan Highlands ak Woodbury, Konte Orange
- Wout 123 apati Ri Conant Valley a Wout 35 nan vil Lewisboro, Konte Westchester
- Wout 172 apati Wout 22 nan vil Bedford a Wout 137 nan vil Pound Ridge, Konte Westchester
- Wout 116 apati wout 22 a wout 121 nan vilaj North Salem, Konte Westchester
- Wout 312 apati Wout 6 nan Entè-eta 84 nan vil Southeast, Konte Putnam
- Wout 120A apati Wout 120 nan Bowman Avenue nan vilaj Rye Brook, Konte Westchester

Long Island

- Wout 25 apati Lès Ri Bartlett a Konte Wout 21 nan vil Brookhaven, Konte Suffolk
- Wout 454 apati chemen Old Willets nan vil Smithtown a Wout 111 nan vil Islip, yo tout nan Konte Suffolk
- Wout 112 apati Lès Main Street a Wout 27 nan vil Brookhaven, Konte Suffolk
- Wout 111 apati Wout 347 a Wout 25/25A nan vil Smithtown, Konte Suffolk
- Wout 25A apati Lès Broadway a Hallock Avenue nan vil Brookhaven, Konte Suffolk
- Wout 114 apati wout 27 a chemen Stephen Hands nan vil lès Hampton, Konte Suffolk

Vil New York

- Grand Central Parkway (GCP) apati 168yèm Street a GCP Soti 13 toupre rapid transit yards; apati nò otowout entè-eta 495 Sòti 21 a GCP Sòti 8; e apati GCP Sòti 21 a GCP Sòti 22, yo tout nan Konte Queens
- Otowout Major Deegan (Entè-eta 87) ak ranp nan entèchanj avèk Pon George Washington epi travèse Otowout Bronx (CBE-Entè-Eta 95), enkli ranp nan direksyon nò ak sid Major Deegan nan direksyon nò ak sid ranp CBE a direksyon nò ak sid ranp Major Deegan, yo tout nan Konte Bronx

- Direksyon Nò Henry Hudson Parkway apati 158th Street a sòti ranp pou Pon George Washington, Konte New York

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon ak vwayaj, chofè yo ta dwe rele 511 oubyen ale sou www.511NY.org.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418